



KABUPATEN WONOSOBO

PAMEDHAR SABDA BUPATI /WAKIL BUPATI/SEKRETARIS DAERAH/STAF AHLI/ ASISTEN SEKDA KABUPATEN WONOSOBO ING ADICARA GELAR BUDAYA PENGETAN AMBAL WARSA KAPING 199 KABUPATEN WONOSOBO

**Assalamu'alaikum Warahmatullahi Wabarakatuh,
Asihing Gusti Ingang Moho Agung, mugi tansah
kasanding tuwin kasandang ing jiwonggo panjenengan
sedoyo lan kulo sumrambah sagung dumadi widodo
niskolo lulus raharjo.**

- Poro sesepuh pinisepuh inggang kinabekten.
- Staf Ahli Bupati, miwah Asisten Sekda inggang luhur ing budi.
- Poro Pimpinan OPD/Badan/Dinas Kabupaten Wonosobo, inggang sinudarsono.
- Camat dalah Jajaran Forkopimca inggang sinanding karaharjan.
- Kepala Desa/Kelurahan ing wewengkon Kecamatan miwah sanggyaning tamu sinedhahan inggang bagyo lan mulyo.

Puji syukur konjuk dhumateng Gusti Inkgang Moho Asih, Dzat Inkgang Moho Tunggal, nun inggih Allah SWT, ingkgang sampun hangluberaken warih karahayon awujud rahmat soho hidayah, satemah panjenengan sedoyo lan kulo saget pepanggihan ing kalodhangan ingkgang sae meniko, kanthi winengku ing kasarasan miwah karaharjan.

Kepareng ing kalodhangan ingkgang sae meniko, kulo sakrombongan saking Pamarintah Kabupaten Wonosobo, derek bingah lan mongkog awit wontenipun adicoro ing rerangken Pengetan Ambal Warso kaping 199 Kabupaten Wonosobo, ingkgang kaadanan ing kecamatan.....

Pasarto miwah tamu sinedahan ingkgang kalinggo ing kawilujengan,

Nembe kewolo, panjenengan sedoyo lan kulo derek hanekseni miwah hanjampangi Pasrah Tampi Panji dalah Pusoko Projo, saking Desa/Kelurahan ingkgang pungkasan ing wewengkon Kecamatan..... . Panji lan Pusoko Projo meniko sampun kapasrahaken, rikolo dinten Senin Kliwon katiti suryo kaping 4 wulan Juli warso 2024, kanthi dawuh Bupati Pangarso Projo kasuwun kakirabaken ing saben-saben Desa/Kelurahan ing kukuban Kabupaten Wonosobo, babagan meniko ngemu suraos bilih Pengetan Ambal Warso Kabupaten Wonosobo sanes gadahanipun Pamarintah Daerah, nanging sedoyo wargo masyarakat ing Kabupaten Wonosobo ugi derek handarbeni lan hanyengkuyung, satemah saget ngraosaken manfaat miwah kasiling saben ngadani Pengetan Ambal Warso.

Wontenipun toto upocoro Kirab Panji lan Pusoko Projo ing Desa/Kelurahan sa-Kabupaten Wonosobo, dadosaken Pabrayan Agung sami derek handarbeni lan hanyengkuyung, murih nuwuhaken roso tresno satemah saget kekiprah kanthi greget kang makantar, hangleluri kabudayan tilaran poro leluhur ingkang kadarbeni kinaryo wujuding mangun Jati Dhiri miwah Raharjaning Projo.

Pasarto ingkang Bagyo lan Mulyo,

Datan katalumpen kulo kinaryo suhing Pamarintah Daerah, ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpo pepindhan dhumateng kiprah soho panyengkuyung saking sedoyo wargo masyarakat, ing rerangken Pengetan Ambal Warso kaping 199 Kabupaten Wonosobo meniko, sinartan dedongo pinaringan Doyo Pangaribowo Dzat Inkang Atitah Sedoyo Kiprah, panyengkuyung miwah pambiyantu panjenengan sedoyo kacandi minongko setunggaling wujud pangibadah, satemah murakabi dhumateng sasomo lan pribadhi. Punjering Pengetan Ambal Warso samangke badhe kaleksanan ing Pisowanan Agung, katiti suryo kaping 24 (sekawan likur) wulan Juli 2024 (kalih ewu sekawan likur), mapan ing Pandopo Agung menopo dene ing Alun-Alun Wonosobo.

Jumbuh kalayan tema Pengetan Ambal Warso kaping 199 Kabupaten Wonosobo warso 2024, “GUYUB RUKUN MUSTIKANING LAKU”, ing pangajab salajengipun wontenipun GELAR BUDAYA badhe nuwuhaken roso Nasionalisme lan Roso Tresno dhumateng Kabupaten Wonosobo, satemah saget gumregut tandang gawe kang tanpo kendhat, sesarengan Pamarintah Daerah lan wargo masyarakat saget nuwuhaken daya saing, maju, lan raharjo kanthi kasil ingkang migunani lan murakabi dhumateng sasomo. Kulo pitados dhumateng sedyatomo panjenengan sedoyo ingkang sae lan trep meniko Gusti Inggang Moho Agung, Dzat Inggang Moho Welas Asih, nun inggih Allah SWT badhe tansah hangijabahi, Aamiin... Aamiin Yaa Rabbal Aalamiin.

Makaten ingkang saget kulo aturaken, sampun tartamtu kathah lepat lan khilaf anggen kulo matur, awit saking meniko nyuwun rumentahing aksomo. Minongko puputing atur kanthi manjalmaning sesanti “GANGGWO GANGGWO TRI GANGGWO, DURGO, MENDHAK, KOLO SIRNO HAMUNG RAHAYU WIDODO KANG JINONGKO.... WONOSOBO TANSAH RAHARJO.”

Matur nuwun, Wasono

Wassalamu’alaikum Warohmatullahi Wabarokatuh.

TIM I /II/II/IV

PAMBUKA GELAR BUDAYA

**“LINAMBARAN CIPTO, ROSO LAN KARSO MIWAH
MANUGGALING SEDYOTOMO ADICORO GELAR
BUDAYA ING KECAMATAN.....
KULO PURWAKANI KANTHI WAOSAN
BISMILLAHIR RAHMAANIR RAHIIM”**